

## Resous pou Paran & Fanmi yo

### OU GEN KESYON?

Kontakte Biwo Evalyasyon (Office of State Assessment)

Eta a nan Depatman

Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED):

**518-474-5902**

oswa voye yon imel nan:

**EMSCASSESSINFO@nysed.gov**

Pou w jwenn plis enfòmasyon:

### ALE SOU SIT ENTÈNÈT NYSED A KI SE:

[https://www.nysed.gov/state-assessment/  
new-york-state-alternate-assessment](https://www.nysed.gov/state-assessment/new-york-state-alternate-assessment)


AK

Biwo Edikasyon Espesyal (Office of Special Education) ki se:

<https://www.nysed.gov/special-education>

### Rapò Paran: Rezilta NYSAA Pitit ou a

Lekòl pitit ou a ap voye yon Rapò Nòt Endividayèl lakay ou nan chak domèn yo te evalye pitit ou a. Ou ka sèvi ak rezilta sa yo pou w ka kòmanse konprann pwogrè pitit ou a.



### Yon Gid Pou Paran yo Pou Lòt Opsyon Evalyasyon Eta Nouyòk (NYSAA)

New York State Education Department  
89 Washington Avenue  
Albany, New York 12234

(518) 474-5902  
FAKS (518) 474-1989



New York State Education Department

## Kisa Lòt Opsyon Evalyasyon Eta Nouyòk (New York State Alternate Assessment, NYSAA) a ye?

NYSAA a fè pati pwogram egzamen ki evalye pèfòmans elèv la daprè lòt prensip reyisit nan domèn Etid Lang Anglè (English Language Arts, ELA), matematik, ak syans pou elèv ki gen andikap nan domèn aprantisaj ki pi grav. Egzijans sa yo vin mwens konplike parapò ak prensip nan domèn aprantisaj yo.

### Kisa nou vle di lè n pale de elèv ki gen andikap nan domèn aprantisaj ki pi grav?

"Elèv ki gen andikap nan domèn aprantisaj ki pi grav yo" se ka elèv ki gen kapasite limite nan domèn aprantisaj, met sou limit yo gen nan domèn konpòtman ak/oswa fizik, e ki bezwen yon edikasyon ki espesyalize nan yon nivo ki wo, sèvis sosyal, sikoloji, ak medikal pou yo ka pwofite tout kapasite yo, pou yo ka itil epi byen patisipasyon nan sosyete a e pou yo ka satisfè ak sa yo akonpli.

### Kiyès ki ta dwe pase NYSAA a?

Se sèlman elèv ki gen andikap ki pi grav nan domèn aprantisaj ki kalifye pou yo pase NYSAA a. Komite Edikasyon Espesyal la (Committee on Special Education, CSE) gade si yon elèv ki gen yon andikap ki grav nan domèn aprantisaj kalifye pou l pase NYSAA, dapre kondisyon ki annapre yo:

- Elèv la gen yon andikap ki grav nan domèn aprantisaj, gwo pwoblèm komunikasyon/ langaj, ak gwo pwoblèm nan pou l adapte l; **epi**
- Elèv la bezwen yon pwogram edikasyon espesyal nan yon wo nivo pou ede l aprann, aplike, ak pataje konpetans li nan anviwònman natirèl yo (lakay, lekòl, kominote, ak/oswa nan travay); **epi**
- Elèv la bezwen sistèm sipò nan domèn edikasyon, tankou teknoloji pou ba l èd, sèvis swen pèsonèl, sèvis sante/medikal, oswa entèvansyon nan konpòtman.



### NYSAA evalye pèfòmans elèv la nan:

Etid Lang Anglè (ELA), matematik, ak syans

Y ap evalye ELA, matematik, ak syans grasa sistèm lòt opsyon evalyasyon Dynamic Learning Maps (DLM). DLM se yon evalyasyon ki fèt nan òdinatè, ki adapte ki evalye konesans elèv la nan Eleman ki Esansyèl yo. Eleman Esansyèl yo se lòt prensip reyisit ki diminye nan pwofondè ak lajè prensip aprantisaj yo (Essential Elements). Nan ELA ak matematik, yo evalye elèv la chak ane nan 3-8yèm ane ak yon fwa nan nivo segondè anvan yo kite lekòl segondè. Pou syans, yo evalye elèv la chak ane nan 5yèm, 8yèm ane ak yon fwa nan nivo segondè anvan yo kite lekòl segondè.

### Nòt

#### Kisa yo fè ak nòt NYSAA yo?

Nòt NYSAA yo montre ou menm ak pwofesè ptit ou a fason ptit ou a ap pwogrese parapò ak lòt prensip reyisit nan nivo klas la.

Nòt sa yo ka:

- Ede w byen idantife fòs elèv ou a ak domèn li bezwen ankadreman; **epi**
- Bay enfòmasyon pou pèmèt nou fè konvèrsasyon k ap bay bon rezulta konsènan Pwogram Edikasyon Endividiyèl (Individualized Education Program, IEP) ptit ou a;
- Fikse priyorite nan ansèyman yo ki bay enfòmasyon sou objektif fonksyònman ak akademik ptit ou a ak objektif li gen yon ti kras tan pou l reyalize; **epi**
- Idantife metòd komunikasyon ki pi efikas pou ptit ou a nan plizyè anviwònman.

